



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF POU SIPÒTE PYETON, SIKLIS AK  
ITILIZATÈ TRANSPÒ PIBLIK**

***Lejislasyon (S.3897/A.8936-A) bay finansman pou pwojè "lari konplè" yo ki enkli  
yon apwòch global nan konsepsyon lari yo***

***Lejislasyon (S.3959-B/A.7822-C) ajoute plas nan Konsèy Administrasyon NFTA,  
RGRTA, CDTA, ak Otorite Ayewopò Rejyonal New York Santral ki dedye a yon  
moun ki depann de transpò piblik***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif ki sipòte pyeton, siklis ak itilizatè transpò atravè Eta New York. Nouvo lwa sa yo pral ogmante sipò Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) pou pwojè minisipal "lari konplè" yo, epi mande pou konsèy transpò rejyonal yo gen plas pou vote pou moun ki depann de transpò piblik yo.

"Swa ou sou twotwa a, nan vwa bisiklèt la oswa nan otobis la, ou merite yon vwayaj bon jan kalite k ap mennen ou an sekirite nan destinasyon ou". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transpò gen pou wè ak koneksyon: pote moun pi pre travay yo, kay yo, ak pwòch yo. Mwen fyè pou m siyen de nouvo lwa ki pral rann lari nou yo vin pi an sekirite epi kominote nou yo pi konekte".

Lejislasyon (S.3897/A.8936-A) bay plis finansman pou pwojè "Lari Konplè" yo, ki enkòpore yon apwòch global nan konsepsyon lari yo. Yon Lari konplè se yon wout ki planifye epi ki fèt pou konsidere aksè san danje, pratik ak mobilite itilizatè wout yo ki gen tout laj ak tout kapasite. Sa gen ladan pyeton, siklis, pasaje transpò piblik, ak otomobilis; li gen ladan timoun, granmoun aje, ak moun ki andikape. Konsepsyon lari konplè yo kontribye nan yon sistèm transpò ki pi pwòp ak pi vèt. Pwojè lwa sa a ogmante pati nan finansman eta a pou minisipalite ki enkòpore karakteristik lari konplè yo. Dapre nouvo lejislasyon an, kontribisyon eta a nan pòsyon pwojè lari konplè ki pa gen finansman federal la ap ogmante a 87.5 pousan, sa ki pral ede minisipalite yo aplike konsepsyon lari sa yo.

**Senatè Eta Timothy Kennedy, te deklare,** "Avèk adopsyon de lwa sa yo, New York ap fè li klè ke n ap bay priyorite a fòm transpò altènatif yo ak moun ki depann de li yo. Soti nan bay yon plas deziyen nan konsèy otorite transpò yo nan nò eta a pou pasaje ki

depann de transpò piblik yo, rive nan asire ke wout nou yo an sekirite epi enklizif pou tout itilizatè yo, kèlkeswa laj, kapasite, ak mòd transpò, pwojè lwa sa yo montre ke nou ka gen yon enfrastrikti transpò ki pi an sekirite ak plis kolaboratif nan Eta New York. Mèsi a kòlèg Asanble mwen yo ki te sipòte pwojè lwa sa yo ak defansè yo ki pa janm abandone oswa pèdi objektif yo".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Avèk lanmò pyeton Etazini ki rive nan yon nivo maksimòm 40 ane jan Administrasyon Sekirite Otowout Gouvènè a te note sa, Nouyòkè yo kontinye riske blese oswa mouri akòz vyolans nan sikilasyon sou wout nou yo jodi a plis pase anvan. Mwen sensèman remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa pou finansman lari konplè yo (A.8936/S.3897), ki pral sèvi pou pwoteje plis pyeton ak siklis lè li ogmante finansman eta a pou pwojè lokal lari konplè yo tankou twotwa yo, pasaj pou pyeton yo, bòdi twotwa ak lòt enfrastrikti ki adapte pou pyeton, ki san dout ap sove lavi ak fè lari yo pi adapte pou tout moun. Lwa sa a pral pèmèt gouvènman lokal yo pouswiv plis nan pwojè sa yo lè l redui fado depans yo epi ogmante pati nan finansman eta a pou pwojè sa yo. Si objektif nou se bati kominote pou pyeton ki solid ak gen plizyè mwayen transpò pandan l ap diminye emisyon nan sektè transpò a, konsepsyon lari konplè a se yon prèv pou atenn objektif sa a. Mwen felisite esponsò Sena a Tim Kennedy, plizyè santèn defansè tankou Families for Safe Streets, Transportation Alternatives, fanmi ki afekte akòz vyolans nan sikilasyon, Manm Asanble Donna Lupardo ak Manm Kongrè Joe Morelle ki te okòmansman sipòte pwojè lwa Asanble a epi kounye a ki dirije inisyativ la nan Kongrè a, ak plis ankò paske yo pèmèt pwojè lwa a franchi dènye liy ak pwoteje plis Nouyòkè sou wout nou yo".

Lejislasyon (S.3959-B/A.7822-C) pral mande pou reprezantan ki depann de transpò piblik ki pa gen pou vote a transfere nan yon pozisyon vòt nan konsèy plizyè otorite transpò. Otorite transpò rejyonal nan nò Eta a ak Lwès New York bay plizyè dizèn milyon pasaje sèvis enpòtan chak ane. Sèvis sa yo gen ladan bisiklèt pataje, otobis, ak transpò adapte, epi chak ane yo kouvri plizyè santèn milye kilomèt nan sèvis. Nouvo lejislasyon sa a bay yon vwa enpòtan pou pasaje ki konte sou sèvis sa yo pou tout tan, epi li pral amelyore gouvènans nan otorite sa yo.

**Manm Asanble Jonathan D. Rivera te deklare,** "Nan yon rejyon tankou pa nou an, kote transpò sitou konsantre sou posede machin pèsònèl, li obligatwa pou nou prepare solisyon alontèm pou moun ki pa kapab kondwi. Anpil nan desizyon konsènan re-acheminman ak mete fen nan sèvis otobis yo, ak ogmantasyon nan tarif yo, te pran san opinyon oswa reprezantasyon moun ki afekte dirèkteman yo. Pwojè lwa sa a pral bay kominote andikape yo yon vwa lè li pèmèt yo gen yon vwa dirèk nan tout zafè ki gen rapò ak pwogrè transpò piblik rejyon nou an. Mwen vle remèsye Senatè Kennedy pou ane li yo ap defann nan fè presyon pou mete pwojè lwa sa a sou tab".

**Direktris Prensipal Defans ak Òganizasyon Transportation Alternatives, Elizabeth Adams, te deklare,** "Pwojè lwa pou finansman lari konplè a pèmèt vil ak lokalite atravè eta a envesti nan enfrastrikti lari ki an sekirite ki pwouve yo kenbe tout moun sou wout nou yo an sekirite. Vyolans nan sikilasyon ka evite epi lwa sa a bay kominote yo yon lòt zouti pou konbat kriz sante piblik sa a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou

lidèchip li nan siyen pwojè lwa sa a, ansanm ak Senatè Kennedy, Manm Asanble Fahy, ak tout moun ki sipòte pwojè lwa yo paske yo travay ansanm pou adopte lwa enpòtan sa a. Nou espere kontinye patenarya nou an nan pwochen sesyon an pou nou pran plis mezi pou sispann vyolans nan sikilasyon".

**Ko-fondatris Families for Safe Streets, Amy Cohen, te deklare,** "Pèdi yon moun ou renmen nan vyolans sikilasyon se yon doulè okenn fanmi pa ta dwe gen pou fè eksperyans. Apre mwen te pèdi pitit gason m nan Sammy nan yon aksidan, mwen te goumen pou amelyore sekirite nan lari ki enpòtan anpil ak sove lavi. Mwen ankouraje pou m wè nouvo finansman ki disponib pou vil ak lokalite yo pou yo konstwi lari ki an sekirite gras ak Pwojè Lwa Finansman Lari Konplè a. Lwa sa a pral san dout sove lavi epi anpeche plis fanmi fè eksperyans pèt inimajinab nan pèdi yon timoun. Mèsì Gouvènè Hochul, Senatè Kennedy, Manm Asanble Fahy, ak tout ofisyèl eli yo ki te fè lejislasyon sa a vin yon reyalite".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418